



# The Commonwealth of Massachusetts

Committee for Public Counsel Services

Immigration Impact Unit

21 McGrath Highway, Somerville, MA 02143

ANTHONY J. BENEDETTI  
CHIEF COUNSEL

WENDY S. WAYNE  
DIRECTOR

## **Dwa W Genyen Nan Yon Entèvyou Imigrasyon Pandan Ou Nan Prizon Nan Massachusetts**

Gen ajan Sèvis Imigrasyon ak Kontwòl Ladwan (Immigration and Customs Enforcement, oubyen "ICE") ki travay andedan prizon Massachusetts ki gendwa eseye fè entèvyou avè w oubyen mande ou siyen dokiman. Lòt ajan sèvis koreksyonèl ki travay ansanm avèk ICE ka eseye poze w kesyon sou istwa imigrasyon ou oubyen istwa kriminèl ou. Nenpòt sa w di ajan ICE oubyen lòt ajan ki travay ansanm avèk ICE ka fè ICE lanse pwosedi pou yo ka depòte w. Si yon ajan eseye kesyònèn w oubyen si li mande w siyen yon dokiman, fòk ou konnen dwa w.

- (1) **Tout entèvyou imigrasyon se entèvyou volontè.** Ou pa oblige pale avèk okenn ajan sou istwa imigrasyon ou osinon istwa kriminèl ou.
- (2) **Ou gen dwa pa pale.** Ajan ICE oubyen lòt ajan k ap travay ansanm avèk ICE kapab epi pral sèvi ak nenpòt sa w di yo (pa egzanp, enfòmasyon senp tankou kote w te fèt). Yo ka epi yo pral sèvi ak enfòmasyon sa a kont ou nan tribinal imigrasyon osinon nan tribinal kriminèl.
- (3) **Ou pa oblige sikyen okenn dokiman ajan ICE oubyen lòt ajan gendwa ba w.** Yo kapab epi yo pral sèvi avèk nenpòt sa w siyen kont ou nan tribinal imigrasyon oubyen nan tribinal kriminèl.
- (4) **Kontakte avoka w** \_\_\_\_\_ (attorney name) nan \_\_\_\_\_ (attorney name) pou siyale l si yon ajan mande w entèvyou, si li kesyònèn w, si ou sibi abi, oubyen si w jwenn nenpòt ki lòt pwoblèm.

*Kisa m dwe fè si yon ajan ICE oubyen yon lòt ajan ki travay ansanm avèk ICE vin pale avè m?*

Si yon ajan ICE oubyen yon lòt ajan vin pale avè w epi ou pa vle pale avè l san ou pa pale avèk yon avoka dabò oubyen san ou pa gen yon avoka bò kote w, ou mèt di ajan an ou p ap pale epi ou p ap kapab pale san ou pa gen avoka avè w. Bay ajan an dezyèm mwatye papye sa a (sa ki anba liy an). Sa di ajan ICE yo kontakte avoka w, epi li enfòme yo ou pap reponn okenn kesyon san ou pa gen avoka w avè w. Aprè sa, pa di ajan an anyen ankò. Depi ou kapab, di avoka w yo eseye kesyònèn w.

*Chire isit -----*

### To ICE Officer or Correctional Officer:

I, \_\_\_\_\_, hereby invoke my right to remain silent for the purpose of any interview with immigration officials without my lawyer present. If you wish to speak with me, please contact my lawyer: \_\_\_\_\_  
(attorney name, phone number, email address)